

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. KACINDEKAN

Ieu panalungtikan nganalisis jeung medar kecap barang wacahan dina naskah berita basa Sunda. Hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun ieu di handap.

- a. Basa Sunda masih digunakeun nepika kiwari, boh ngaliwatan media cetak jeung éléktronik, salah sahiji diantaranya, makéna basa Sunda dina warta Bandung TV.
- b. Makéna basa dina warta Bandung TV kapangaruhan ku rupa-rupa kecap barang wacahan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 114 kecap barang wacahan
- c. Wanda kecap barang wacahan nu kapanggih aya 3 nya éta singgetan(58,77%), tingkesan (37,71%), jeung sirnaan (7,89%).
- d. Jumlah engang dina kecap barang wacahan kapanggih 4 gunduk, nya éta (1) kecap serepan dua engang aya 40 (35,08%), (2) kecap barang tilu engang aya 34 (29,82%), (3) kecap barang wacahan opat engang aya 20 (17,54%), (4) kecap barang wacahan lima engang aya 3 (2,63%)

- e. Pola rucatan engang dina kecap barang wacahan diwangun ku dua polanya éta pola rucatan kecap asal jeung pola rucatan engang kecap rundayan. Husus dina pola rucatan engang rundayan miboga wangun nu ngalaman parobahan.

### 5.1.Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan kecap Barang Wacahan dina naskah berita basa sunda 2008, ieu di handap rék diébréhkeun saran-saran .

- 1) Kecap barang wacahan dina naskah berita basa Sunda mangrupa salah sahiji objék nu matak ngirut pikeun ditalungtik ka hareupna ku para ahli basa jeung nu boga kapentingan kana basa Sunda.
- 2) Ieu panalungtikan téh mangrupa panaratas pikeun panalungtikan saterusna. Dipiharep aya deui panalungtikan séjén pikeun néangan aspék-aspék lian anu aya patalina jeung kecap barang wacahan dina naskah berita basa Sunda sarta dipatalikeun kana bahan pangajaran.